# PEDAGOGIKALIQ KONFLIKTOLOGIYANIŃ PÁNLER MENEN BAYLANISLI RAWAJLANIWI

**Abdikerimova Gawhar**
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Reymbaeva Gulnaz**
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Tan'irbergenova Gu'misay**
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Djumabaeva Guljahan**
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.18866946***

***Annotaciya.*** *Usı ilimiy maqalada pedagogikalıq konfliktologiyanıń basqa pánler menen baylanıslı jağdayda qáliplesiwi hám rawajlanıw processleri haqqındağı tiykarğı mağlıwmatlar talqılandı. Izertlewimiz dawamında pedagogikalıq konfliktologiyanıń teoriyalıq tiykarları, onıń ulıwma konfliktologiya, pedagogika, psixologiya, sociologiya, filosofiya, neyropsixologiya sıyaqlı pánler menen óz-ara baylanıslılığı haqqında mağlıwmatlar keltirilgen. Pánleraralıq jantasıwlarğa tiykarlanğan analizler pedagogikalıq konfliktlerdi tereńirek ańlaw, olardıń kelip shığıw mexanizmlerin anıqlaw hám konstruktiv basqarıw usılların islep shığıwda áhmiyetli metodologiyalıq tiykar bolıp xızmet etedi. Izertlew nátiyjelerinen kóriwimiz múmkin, pedagogikalıq konfliktologiya tiykarğı bağdar sıpatında rawajlanıp atırğanın kórsetedi hám onıń bilimlendiriw sapasın arttırıw, sawaplı psixologiyalıq ortalıqtı qáliplestiriwdegi tiykarğı kónlikpelerin ashıp beredi.*

***Gilt sózler:*** *Pedagogikalıq konfliktologiya, pánleraralıq baylanıslılıq, bilimlendiriw nátiyjeliligi, konflikt sebepleri, konfliktte pedagogikalıq basqarıw, psixologiyalıq qarım-qatnas, pedagogikalıq izertlewler.*

# DEVELOPMENT OF PEDAGOGICAL CONFLICTOLOGY IN CONNECTION WITH THE SCIENCES

***Abstract.*** *This scientific article discusses the main information about the formation and development processes of pedagogical conflictology in connection with other disciplines. In the course of our research, information is presented on the theoretical foundations of pedagogical conflictology, its interrelationship with such disciplines as general conflictology, pedagogy, psychology, sociology, philosophy, and neuropsychology. Analyses based on interdisciplinary approaches serve as an important methodological basis for a deeper understanding of pedagogical conflicts, identifying the mechanisms of their occurrence, and developing constructive management methods. As can be seen from the research results, pedagogical conflictology is developing as a main direction and reveals its basic skills in improving the quality of education and forming a healthy psychological environment.*

***Keywords:*** *Pedagogical conflictology, interdisciplinary connections, educational effectiveness, causes of conflict, pedagogical management in conflict, psychological communication, pedagogical research.*

# РАЗВИТИЕ ПЕДАГОГИЧЕСКОЙ КОНФЛИКТОЛОГИИ В СВЯЗИ С НАУКАМИ

***Аннотация.*** *В данной научной статье обсуждаются основные сведения о процессах становления и развития педагогической конфликтологии в связи с другими науками. В ходе нашего исследования представлена информация о теоретических основах педагогической конфликтологии, ее взаимосвязи с такими науками, как общая*

*конфликтология, педагогика, психология, социология, философия, нейропсихология. Анализ, основанный на междисциплинарных подходах, служит важной методологической основой для более глубокого понимания педагогических конфликтов, выявления механизмов их возникновения и разработки конструктивных методов управления. В результате исследования мы видим, что педагогическая конфликтология развивается как основное направление и раскрывает ее основные навыки в повышении качества образования, формировании здоровой психологической среды.*

***Ключевые слова:*** *Педагогическая конфликтология, междисциплинарная связь, эффективность образования, причины конфликта, педагогическое управление в конфликте, психологическое общение, педагогические исследования.*

***Kirisiw***

Pedagogikalıq konfliktologiyanıń pánler menen baylanıslı rawajlanıwı máselesi zamanagóy bilimlendiriw sistemasınıń aktual baǵdarlarınan biri esaplanadı. Adamzat rawajlanıwı dawamında bilimlendiriw procesi tek ǵana bilim beriw emes, bálki shaxstı sociallasıwǵa tayarlaw, qádiriyatlar sistemasın qáliplestiriw hám jámiyettegi qatnaslar mádeniyatın rawajlandırıw quralı sıpatında qarap kelingen. Usı tárepten pedagogikalıq konfliktologiya – bilimlendiriw ortalıǵında júzege keletuǵın kelispewshiliklerdiń kelip shıǵıw sebepleri, rawajlanıw mexanizmleri hám olardı konstruktiv jol menen sheshiw usılların úyrenetuǵın ilimiy baǵdar sıpatında qáliplesti.

Onıń rawajlanıwı hár túrli pánler menen integraciyalasıw processinde keshken hám tap usı pánleraralıq jantasıw bul tarawdıń teoriyalıq hám de ámeliy imkaniyatların keńeytti.

Pedagogikalıq konfliktologiya dáslep ulıwma konfliktologiya pánine súyenedi.

Konfliktologiya sociallıq kelispewshiliklerdiń mánisin, olardıń dúzilisi, funkciyası hám tipologiyasın úyrenedi. Biraq bilimlendiriw procesindegi konfliktler ózine tán qásiyetlerge iye bolıp, olar pedagogikalıq process subyektleri – muǵallim, oqıwshı, ata-ana hám administraciya arasındaǵı qatnaslar sistemasında kórinedi. Sol sebepli pedagogikalıq konfliktologiya ulıwma konfliktologiyanıń teoriyalıq tiykarların qabıl etken halda, olardı bilimlendiriw ortalıǵı sharayatına beyimlestirdi. Bul proceste pedagogika páni menen úzliksiz baylanıslılıq júzege keldi. Pedagogika tálim hám tárbiyanıń nızamlılıqların úyrener eken, konfliktologiyalıq jantasıw usı procestegi kelispewshiliklerdi rawajlanıw faktorı sıpatında túsinik beriw imkanın berdi.

Psixologiya pániniń tásiri pedagogikalıq konfliktologiyanıń rawajlanıwında ayrıqsha áhmiyetke iye boldı. Sebebi hár qanday konflikttiń orayında insannıń mútájlikleri, motivleri, emocional jaǵdayı hám jeke qásiyetleri turadı. Pedagogikalıq konfliktologiya shaxslararalıq qatnaslar psixologiyası, jas psixologiyası, sociallıq psixologiya hám de pedagogikalıq psixologiya jetiskenliklerine súyengen halda rawajlandı. Mısalı, oqıwshılar arasındaǵı tartıslardı analizlewde jas ózgeshelikleri, ózin-ózi ańlaw dárejesi, emocional turaqlılıq sıyaqlı faktorlar esapqa alınadı. Muǵallim menen oqıwshı arasındaǵı kelispewshiliklerde bolsa avtoritar yamasa demokratik basqarıw usıllarınıń tásiri, kommunikativ kompetenciya dárejesi áhmiyetli rol atqaradı. Sociologiya páni menen baylanıslılıq pedagogikalıq konfliktologiyanıń sociallıq kontekstin tereńirek túsiniwge járdem berdi. Bilimlendiriw shólkemi kishi sociallıq sistema sıpatında jámiyettegi ulıwma processlerdiń sáwleleniwin ózinde jámleydi. Sociallıq teńsizlik, ekonomikalıq faktorlar, mádeniy parıqlar, shańaraqlıq ortalıqtaǵı mashqalalar mektep yamasa joqarı bilimlendiriw mákemesindegi konfliktlerge tásir kórsetedi.

Sociologiyalıq izertlew metodları – sorawnamalar, intervyu, baqlaw – pedagogikalıq konfliktlerdi empirikalıq úyreniw imkaniyatın keńeytti. Nátiyjede konfliktlerdiń tek ǵana jeke emes, bálki sociallıq tamırları da anıqlana basladı. Filosofiya pedagogikalıq konfliktologiyanıń metodologiyalıq tiykarın quraydı. Dialektikalıq jantasıwǵa muwapıq, kelispewshilik hár qanday rawajlanıwdıń deregi esaplanadı. Bilimlendiriw procesindegi qarama-qarsılıqlar da shaxstıń kámil bolıwına túrtki bolıwı múmkin. Filosofiyalıq kózqaraslar konfliktti tek ǵana unamsız qubılıs sıpatında emes, bálki ósiw hám jańalanıw faktorı sıpatında túsinik beriw imkaniyatın berdi. Sol sebepli zamanagóy pedagogikalıq konfliktologiyada konstruktiv konflikt túsinigi áhmiyetli orın iyeleydi. Bul jantasıw konfliktti bastırıwdı emes, bálki onı basqarıw hám unamlı nátiyjege baǵdarlaw zárúrligin atap ótedi. Mádeniyattanıw hám etnopsixologiya pánleri menen baylanıslılıq kóp milletli hám kóp mádeniyatlı bilimlendiriw ortalıǵında ásirese aktual bolıp tabıladı. Hár túrli mádeniy qádiriyatlar, úrp-ádetler hám qarım-qatnas usılları arasındaǵı parıqlar nadurıs túsinilse, konflikt júzege keliwi múmkin. Neyropsixologiyalıq izertlewler emocional intellekt dárejesi joqarı bolǵan shaxslar kelispewshilikti nátiyjeli basqarıwın kórsetedi. Sol sebepli zamanagóy bilimlendiriwde emocional intellektti rawajlandırıw áhmiyetli wazıypa sıpatında qaralmaqta. Pedagogikalıq konfliktologiyanıń pánler menen baylanıslı rawajlanıwı nátiyjesinde ol ǵárezsiz ilimiy baǵdar sıpatında qáliplesti. Onıń predmeti - bilim beriw procesindegi konfliktler, obyekti bolsa pedagogikalıq process subyektleri arasındaǵı qarama-qarsı qatnasıqlar. Metodologiyası bolsa pánleraralıq qatnasqa tiykarlanadı. Teoriyalıq analiz, empirikalıq izertlew, eksperiment, diagnostika hám trening metodları keń qollanıladı.

Zamanagóy sharayatta pedagogikalıq konfliktologiya tek ǵana kelispewshiliklerdi saplastırıw emes, al olardıń aldın alıw, salamat psixologiyalıq ortalıqtı qáliplestiriw, birge islesiw mádeniyatın rawajlandırıwǵa qaratılǵan. Bul bolsa bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw, shaxstıń bárkamal rawajlanıwın támiyinlew hám jámiette sociallıq turaqlılıqtı bekkemlewge xızmet etedi.

Pánleraralıq integraciya procesi dawam eter eken, pedagogikalıq konfliktologiya jańa ilimiy qatnaslar, innovaciyalıq metodlar hám texnologiyalar menen bayıp barmaqta. Nátiyjede ol zamanagóy bilimlendiriw sistemasınıń ajıralmas bólegine aylanıp, adamgershilik hám dialog mádeniyatına tiykarlanǵan bilimlendiriw ortalıǵın jaratıwda áhmietli rol atqarmaqta.

Pedagogikalıq konfliktologiyanıń pánler menen baylanıslı rawajlanıwın jáne de tereńirek talqılaw sonı kórsetedi, bul baǵdardıń qáliplesiwi sistemalı qatnas principlerine tiykarlanadı.

Sistemalar teoriyası bilimlendiriw mákemesin quramalı, óz ara baylanısqan elementlerden ibarat ashıq sistema sıpatında talqılaydı. Hár bir element - oqıwshı, oqıtıwshı, ata-ana, basshılıq, oqıw baǵdarlaması, bahalaw kriteriyaları - óz-ara tásir etiw procesinde boladı. Usı elementlerden birewindegi sáykes kelmewshilik yamasa muwapıq emeslik pútkil sistemada qarama-qarsılıqlı jaǵdaydı júzege keltiriwi múmkin. Sistemalıq jaqınlasıw pedagogikalıq konfliktologiyaǵa konfliktti ayırım qubılıs sıpatında yemes, al uluwma pedagogikalıq procestiń quramlı bólegi sıpatında qaraw imkanın beredi. Etika hám aksiologiya pánleri menen baylanıslılıǵı da áhmiyetli. Bilimlendiriw procesi qádiriyatlar sistemasına súyenedi. Ádalat, húrmet, juwapkershilik, birge islesiw sıyaqlı qádiriyatlar buzılganda konflikt júzege keliw itimalı artadı. Aksiologiyalıq jantasıw pedagogikalıq konfliktologiyaga tartıstı qádiriyatlar soqlıǵısıwı sıpatında talqılaw imkanın berdi. Oqıwshı hám muǵallimniń kózqarasları arasındaǵı ayırmashılıq kóbinese túrli qádiriyatlarǵa tiykarlanǵan boladı. Sonıń ushın kelispewshilikti sheshiwde ulıwma qádiriyatlardı anıqlaw hám olarǵa súeniw nátiyjeli strategiya esaplanadı. Pedagogikalıq konfliktologiyanıń rawajlanıwında izertlew metodologiyasınıń jetilisiwi de áhmiyetli rol oynadı.

Statistikalıq analiz, eksperimental dizayn, kontent-analiz, sociometriyalıq usıllar kelispewshiliklerdi ilimiy tiykarda úyreniwge járdem berdi. Empirikalıq maǵlıwmatlarǵa súeniw teoriyalıq juwmaqlardıń isenimliligin arttırdı. Innovaciyalıq pedagogika hám kreativ pikirlew teoriyaları menen baylanıslı halda, konflikt dóretiwshilik sheshimler deregi sipatında kóriledi.

Mashqalalı jaǵdaydı sheshiw procesinde oqıwshılar sın kózqarastan pikirlew, alternativ variantlardı izlew hám birgelikte qarar qabıl etiw kónlikpelerin rawajlandıradı. Bul bolsa konfliktti rawajlandırıwshı faktorǵa aylandıradı. Pedagogikalıq konfliktologiyanıń pánler menen baylanıslı rawajlanıwı nátiyjesinde onıń ámeliy qollanılıwı keńeydi. Bilimlendiriw mákemelerinde mediatorlıq xızmetleri, psixologiyalıq másláhát orayları, trening baǵdarlamaları engizilmekte. Kelispewshilik profilaktikası baǵdarlamaları oqıwshılarda empatiya, keńpeyillik hám sóylesiw mádeniyatın qáliplestiriwge qaratılǵan. Solay etip, pedagogikalıq konfliktologiya kóplegen pánler menen úzliksiz integraciya procesinde qáliplesip, kompleksli hám kóp qırlı ilimiy baǵdarǵa aylandı. Onıń rawajlanıwı dawam etpekte hám jańa ilimiy qatnaslar menen bayıp barmaqta. Pánleraralıq birge islesiw pedagogikalıq konfliktologiyanıń teoriyalıq tereńligin arttırıp, ámeliy nátiyjeliligin támiyinlemekte. Bul bolsa bilimlendiriw procesinde salamat psixologiyalıq ortalıqtı jaratıw, konstruktivlik baylanıstı rawajlandırıw hám shaxstıń jetilisiwin qollap-quwatlawda úlken áhmiyetke iye.

**Juwmaq.**

Juwmaqlap aytıwımız múmkin, pedagogikalıq konfliktologiyanıń basqa pánler menen baylanıslı rawajlanıwı onıń teoriyalıq hám ámeliy imkaniyatların sezilerli dárejede asıradı. Bul baǵdar uliwma konfliktologiya principlerine tayanǵan halda, pedagogika hám psixologiya jetiskenlikleri tiykarında bilimlendiriw ortalıǵına tán qarama-qarsılıqlardı úyreniw metodologiyasın qáliplestirdi. Tallawlar nátiyjeleri sonı kórsetedi, pedagogikalıq konfliktti tek unamsız hádiyse sıpatında bahalaw ilimiy jaqtan tolıq emes; kerisinshe, ol rawajlanıw, jańalanıw hám birge islesiwdi bekkemlew faktorı bolıwı múmkin. Bunıń ushın konstruktivlik qarım-qatnas, empatiya, ádillik hám óz-ara húrmet principlerine tiykarlanǵan basqarıw strategiyaların qollanıw zárúr. Pánleraralıq qatnas pedagogikalıq konfliktologiyanıń metodologiyalıq bekkemligin támiyinlep, onı zamanagóy bilimlendiriw sistemasınıń ajıralmas bólegine aylandırmaqta.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Aziza, Turemuratova. "KONFLIKT VA UNING KELIB CHIQISH SABABLARI." Новости образования: исследование в XXI веке 3.32 (2025): 465-467.
2. Turemuratova, A. B. "TA’LIMDA PEDAGOGIK YONDASHUVLAR ASOSIDA O’QUVCHIYOSHLARNING KOLLOBORATIV KO’NIKMALARINI RIVOJLANTIRISH MEXANIZMLARI." Inter education & global study 3.4 (2025): 242-250.
3. Туремуратова, А. Б. "ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ВОСПИТАТЕЛЬНЫХ ТРАДИЦИЙНАРОДНОЙ ПЕДАГОГИКИ В ФОРМИРОВАНИИ МИРОВОЗЗРЕНИЯ МОЛОДЕЖИ." Мировая наука 6 (75) (2023): 125-129.
4. Turemuratova, A., and N. Tureniyazova. "The program of using modern pedagogical methods in the higher education system and the problems of improving pedagogical skills." Science and innovation 2.B10 (2023): 373-377.
5. Turemuratova, Aziza, Rita Kurbanova, and Barno Saidboyeva. "Educational traditions in shaping the worldview of young people in folk pedagogy." Modern Science and Research 2 (2023): 318-322.

6. Turemuratova, A., U. Uzakbaeva, and D. Nuriyeva. "Basic concepts of family psychology and overcoming psychological problems." Modern Science and Research 4.4 (2025): 104-109.
7. Turemuratova, A., and J. Asamatdinova. "Talabalar qadiriyatqa bag'darlang'anliqti rivajlantiruwda auditoriyadan tis shinig'iwlardin'roli." (2021).
8. Turemuratova, A. "Har bir xalqning o'z qadriyati bor." (2021).
9. Turemuratova, A., and B. Temirbekov. "Mustahkam oilani shakllantirishda yoshlarda naql-maqollardan foydalanishning tarbiyaviy-psixologik ahamiyati." (2022).
10. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "Program technology for choosing an effective educational methodology based on modern pedagogical research in the educational system." Current Research Journal of Pedagogics 6.02 (2025): 30-33.
11. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "Use of pedagogical methods based on the modern educational program to increase the effectiveness of education." European International Journal of Pedagogics 4.6 (2024): 26-33.